МКОУ « Ленинаульская СОШ № 1 имени героя Советского Союза Х. Нурадилова»

| Согласовано: | Утверждаю: |
| --- | --- |
| зам. дир. по УР<br>Джамалдинова З.Ш.<br><br>« 26» август 2023г. | Директор МКОУ « ЛСОШ № 1»<br>Аскендерова Х.Н. ____<br>Протокол пед.совета № __198__<br>«_26_» август 2023 г. |

# Рабочая программа по родному (аварскому) языку для 5 класса

## учительницы родного языка и литературы Магомедалиевой Б.У.

2023 – 2024г.

## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

...Школалъул цIакъго кIвар бугеб масъалалъун ккола гIун бачIунеб гIелалъе щулияб ва гъваридаб лъай кьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда хIалтIизабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мацIалъул кьучI ккола бол мацI, амма литературияб мацI бечелъизе кIвар бугеб магIданлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мацIазго гIадин, авар мацIалъги гIаммаб куцалда тIолго магIарулазул рухIияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда гIисинал миллатазул мацIал церетIеялде цIикIкIараб кIвар кьолеб буго. Гьел миллатазул рукIа-рахъин цебетIеялдаго цадахъ, гьезул мацIалги бечелъула, церетIола ва хадубккунги гьел церетIезаризе руго.

**Школалда авар мацI малъиялда церечIарал масъалаби.**

Авар мацI школалда лъазабиялда церечIарал масъалабилъун ккола: цIалдохъабазул кIалзул ва хъвавул калам цебетIезаби, пасихIго цIали камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мацI малъиялъул мурад буго: цIалдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул хIакъалъулъ лъай щвей, жамгIияб гIумруялда жаниб гьелъул кIвараалъул хIакъалъулъ баянал кьей, битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизаби, лъималазул рагIул нахърател бечелъизаби.

**V классалда авар мацIалъул курсалъул гIуцIи**

Рахьдал мацIалъул программаялда рекъон, V классалда цIалдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, рагIи лъугьин, грамматика (морфология, синтиксис). Гьединго цIалдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мацIалъул хIакъалъулъ гIаммал гIелмиял баянал. ЦIалдохъаби ругьуилъизе ккола битIун хъвазе, битIун цIализе, калам гIуцIизе ва лъалхъул ишараби лъезе.

V классалда малъула фонетика, лексика, рагIи лъугьин, морфология ва битIунхъвай. Синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул хIакъалъулъ бищун гIадатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьучIалда лъазабизе, калам цебетIезабиялъул ва пунктуациялъул хIалтIаби гьаризе рес букIине. Программаялда тIолабго материал кьун буго лъималазул гIелазул хаслъабиги хIисабалде росун .

Программаялда кьурал темабазе сагIтал рикьун руго мисалияб къагIидаялъ. Учителасул ихтияр буго мустахIикъаблъун бихьараб бакIалда сагIтазул хиса-баси гьабизе, ай, цо темаялдаса тIаса рахъун, хIажатаблъун бихьулеб цогидаб тема малъиялъе цIикIкIинаризе.

**ЦIалдохъабазул калам цебетIезаби ва гьел пасихIго цIализе ругьун гьари.**

Школалда авар мацI малъиялъ цIалдохъабазул логикияб пикру ва калам цебетIезабула.

Калам цебетIезабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

**Калам цебетIеялъул тIоцебесеб нух** буго авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гьаби.

Авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гьабула батIи-батIиял словариял хIалтIабаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул хIалтIабазул текстаздалъун, кIалзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочинениядалъун. ЦIалдохъабазулгун словарияб хIалтIи гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго чIун, ричIчIуларел рагIаби ратизе, гьезул магIна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса битIун пайда босизе лъай – бищунго кIвар бугел хIалтIабилъун ккола.

**Калам цебетIезабиялъул кIиабилеб нух** буго авар литературияб мацIалъул рагIаби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял гIуцIиялъул, битIун цIалиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда жиб-жиб темаялъул кIиабилеб пункталда гьоркь чIванкъотIун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги гьезухъа лъугьине кколеб бажариги.

**Калам цбстIезабиялъул лъабабилеб нухги** буго авар мацIалъул дарсазда батIи-батIияб темаялъул ва жанралъул материалазда тIасан цIалдохъаби кIалъазе ругьун гьари.

Калам гIуцIизе цIалдохъаби ругьун гьариялъе лъикIалан заманги бихьизабун буго (Авар мацIалъе рихьизарурал сагIтазул щуго бутIа гьабун цо бутIа). Калам гIуцIизе ругьун гьари цIикIкIараб кIвар бугеб иш бугелъул, гьелъие мацIалъул программаялда жиб-жиб классалъе батIаго темабиги кьун руго.

ЦӀалдохъанасда лъазе ккола тексталда тӀад хӀалтӀизе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва гӀатӀидаб план гӀуцӀизе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, бицунги хъванги изложение тӀобитӀизе.

Авар мацӀалъул дарсазда кӀвар кьезе ккола цӀалдохъабазул кӀалзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие гӀоло цӀалдохъаби тӀамизе ккола батӀи-батӀияв темабазда тӀасан кӀалъазе.

ТӀолабго лъагӀалида жанир гьарурал хӀалтӀабаздалъунги, изложенияздалъунги, сочиненияздалъунги цӀалдохъабазулъ битӀараб кӀалзул ва хъвавул калам гӀуцӀиялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби тӀаса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва гӀелмияб рахъалъан дандекколел рукӀине ккола.

ЦӀалдохъабазул калам цебетӀезабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандчӀвалел гӀунгутӀаби ва гъалатӀал тӀагӀинаризе квербакъула.

ЦӀалдохъабазул калам цебетӀезабиялда бухьараб буго пасихӀго цӀализе лъазабиялъул ишги.

ПасихӀго цӀалиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе, художествиял текстал (хабар, маргьа, кечӀ) росула.

ПасихӀго цӀализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги кӀудияб кӀвар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебетӀезабизе.

БитӀунхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, батӀи-батӀияб тайпаялъул (гӀинзулаб, берзулаб, кантӀизариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб гӀадал) диктантал гьарун.

Контролияб диктанталъе цо дарсил лъикӀалан заман кьезе кколеб батани, битӀун хъвазе ругьун гьариялъе ругел батӀи-батӀиял диктантазе дарсил цо бутӀа кьуниги гӀезе буго.

Диктантазе росулел текстал къваригӀарал орфограммабазул рахъалъ бечедал рукӀине ккела. Гьединаб къокъаб диктант, кӀиго анкьида жиниб цо нухалдагӀаги гьабуни, лъикӀ букӀина.

Учителасе кумекалъе программаялъул ахиралда хъвавул хӀалтӀабазул (диктантазул, изложениязул ва сочинениязул) къадар бихьизабураб таблица кьун буго.

**Авар мацӀалъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен**

Школалда цӀалдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мацӀ. Гьединлъидал щулияб бухьен букӀине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб кӀвар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мацӀалъул цо-цо хаслъи цебечӀезабизе, рагӀаби

хIалтIизариялда, грамматикиял формабазда, батIи-батIиял синтаксисиял гIуцIабазда, тексталъул бутIабазул ва предложениязул бухьеналъул къагIидабазда, калам хIалтIизабиялъул батIи-батIиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

КIудияб кIвар буго гIурус мацIалъулгун бухьен кквеялъулги. Гьелъги рес кьола кIиябго мацIалъул грамматикиял гIаммал ва хасал рахъал чIезаризе, ай, цого классалда гьеб кIиябго мацI лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул хIисаб гьабун, дарс кьей чара гьечIеб методикияб къагIидалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къватIисеб пачалихъалъул мацIалъул хIакъалъулъги.

**Гьаб 5 классалда авар мацI мальиялъул программа гIуцIун буго** ООО «Издательство НИИ педагогики» ялъ къватIибе биччараб «Авар мацIалъул программаби 5-9 ва 10-11 классазе» абураб, Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмияб министерствоялъ тасдикъ гьабураб программаялъул кьучIалда

Лъайкьеялъул идараялъул планалда рекъон, авар мацIалъе 5 абилеб классалда бихьизабун буго 2 сагIат. Кинабниги лъагIалие – 68 сагIат

## V КЛАСС (68 сагIат)

### Байбихьул классазда малъараб материал такрар гьаби

Лабиалиял гьаркьал ва гемината. РагIул гIуцIи. Каламалъул бутIаби (предметияб цIар, прилагательное, глагол ва гьезул морфологиял гIаламатал; цIарубакI).

### Синтаксис ва пунктуация

1. РагIабазул дандрай. РагIабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи.

2. Предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тIалабияб. Интонациялде балагьун, ахIул предложение. Предложениязул ахиралда лъалхъул ишараби.

Предложениялъул бетIерал членал: подлежащее, сказуемое, битIараб дополнение.

Предложениялъул бетIерал гурел членал: хъвалсараб дополнение, определение, хIалал.

ТIиритIаралги тIиритIичIелги предложениял. Тайпа цоял членалгун предложениял. Тайпа цоял членазда гьоркьоб запятая.

ХитIаб. ХитIабгун лъалхъул ишараби. ГIадатаб ва жубараб предложение. Журарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениял союздадалъунги союзал гьечIогоги цолъизаризе бегьи ва запятаялдалъун ратIа тIезари (авалияб баян).

БитIараб калам ва лъалхъул ишараби. Диалог. Диалогалда цебе тире.

2. Хабариял, суалиял, тIалабиял ва ахIул предложениязулъ битIараб интонация цIунизе лъай.

Диалогал ругеб текст, орфоэпияги цIунун, пасихIго цIализе ругьун гьари.

ГIадатал предложениял цолъизарун, журарал предложениял гIуцIизе лъай.

РагIабазул дандраял гIуцIизе, аслияб рагIудаса нахъбилълъараб рагIуе суал лъезе лъай. Цо тайпаялъул предложение цогидаб тайпаялъул предложениялде хисизабизе лъай. Суалал лъун, предложениялъул членал ратIа рахъизе бугеб бажари камиллъизаби.

ТIиритIичIел предложениял тIиритIараллъун гьаризе лъай. Тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе лъай.

**Фонетика ва графика. Орфография**

1. Каламалъул гьаркьал. Рагьарал гьаркьал ва хIарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. Лабиалиял гьаркьал ва геминатал.

Алфавит. **Я, е, ё, ю** хIарпал. **Ъ, ь** хIарпал ва гьез тIубалеб хъулухъ.

Слог. РагIи цо мухъидаса цоги мухъиде, слогазде бикьун, боси.

Ударение.

2. РагIабазулъ рагьукъалги ва рагьаралги гьаркьал рихьизаризе лъай.

Литературияб нормаялда рекъон, рагьукъалги рагьаралги гьаркьал битIун абизе ругьун гьари.

Авар мацIалъул орфографияб словаралдаса пайда босизе лъай. РагIаби слогазде ва гьаркьазде риххиялъул байбихьул классазда щвараб бажари жеги камил гьаби.

Алфавиталъул тартибалда рагIаби лъезе лъай. ХIарпал гьаркьаздаса ратIа рахъизе лъай. Фонетикияб разбор гьабизе лъай (бицунги, хъванги).

1. Лексикаялъул хIакъалъулъ бичIчIи. Цо магIнаялъул ва гIемер магIнаялъул рагIаби. Омонимал (лъай-хъвай гьаби). РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Синонимал. Антонимал.

2. Авар мацӀалъул аслиял словараздаса пайда босизе, тексталда синонимал ва антонимал ратизе лъимал ругьун гьари.

### РагӀи лъугьин ва орфография

1. РагӀул аслу ва ахир. РагӀул кьибил. Суффикс. РагӀаби лъугьин:

а) кӀиго рагӀи, яги кӀиго кьибил жубаялдалъун;

б) суффиксаздалъун (гӀаммаб баян).

2. РагӀул гӀуцӀиялъул разбор гьабизе ругьун гьари. Кьибил цоял рагӀаби ратизе ва гьезулъ ахир, аслу, кьибил, суффикс бихьизабизе лъай. Каламалъулъ гьединал рагӀаби хӀалтӀизаризе лъай.

## МОРФОЛОГИЯ ВА ОРФОГРАФИЯ

### Жалго жидедаго чӀарал каламалъул бутӀаби.
### ПРЕДМЕТИЯБ ЦӀАР

1. Предметияб цӀар. ГӀаммаб магӀна, морфологиял гӀаламатал, синтаксисияб роль.

Хасал ва гӀаммал предметиял цӀарал.

Хасал цӀаразул (гӀадамазул, географиял цӀаразул, къватӀазул, байданазул цӀаразул, тарихиял лъугьа-рахъиназул ва пачалихъиял байрамазул цӀаразул) бетӀералда кӀудияб хӀарп. ТӀахьазул, газетазул ва журналазул, суратазул, кинофильмабазул, спектаклязул, литературиял ва музыкалиял асаразул цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп. Гьел цӀарал кавычкабаздалъун ратӀа гьари. Цо-цо гӀаммал цӀарал хасаллъун ккей.

Предметияб цӀаралъул гӀемерлъул форма лъугьин. ГӀемерлъул форма лъугьунаго, аслуялъулъ кколел хиса-басиял.

2. Жиндирго каламалъулъ синонималлъун кколел предметиял цӀарал ратӀарахъизе лъай, гьел хӀалтӀизаризе цӀалдохъаби ругьун гьари. Аслуялъулъ тӀубанго хиси ккун лъугьунел рагӀаби лъай. Цо-цо рагӀул гӀемерлъул форма букӀунареблъи лъай.

Суффиксазул кумекалдалъун цолъул формаялдаса гӀемерлъул форма лъугьинабизе лъай. Цогидал рагӀаби предметиял цӀаралгун жинсгун формаялъулъ рекъезаризе лъай.

## ГЛАГОЛАЛ

1. Глагол. ГӀаммаб магӀна, морфологиял гӀаламатал ва синтаксисияб роль. Рухьарал ва тӀадчӀарал глаголал. Цо-цо глагол, лексикияб магӀнаялде балагьун, бухьараблъунги тӀадчӀараблъунги букӀине бегьи **(кваназе, сверизе).** Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал.

Глаголияб цӀар. Глаголалъул заманаби: араб, бачӀунеб, гӀахьалаб, гьанже заман, гьел лъугьин ва гьезул буголъиялъул, гьечӀолъиялъул форма.

2. Жинсиял глаголал предметиял цӀаралгун рекъезарун, калам гӀуцӀизе ругьун гьари. Синонимиял ва антонимиял глаголал жидерго каламалъулъ хӀалтӀизаризе ругьун гьари. Рухьарал ва тӀадчӀарал (переходниял ва непереходниял) глаголал ратӀа гьаризе лъай.

Заманиял формабазде глагол хисизабизе лъай. Ункъабго заманалъул гьечӀолъиялъул форма лъугьинабизе лъай.

**Такрар гьаби**

**Калам цебетӀезаби**

Каламалъул стиль. Каламалъул гара-чӀвариялъулаб ва гӀелмияб стилалъул хӀакъалъулъ дагьабго лъай-хъвай гьаби. Тема ва тексталъул аслияб пикру. Текстал рагӀун, хехго. гьалатӀал риччачӀого, цӀализе лъай. Интонацияги цӀунун, батӀи-батӀиял тайпабазул предложениял цӀализе ругьун гьари.

ЦӀиял рагӀаби битӀун абизе ва хъвазе, гьезул магӀна бицине, гьезие синонимал ва антонимал ургъизе лъай.

БатӀи-батӀиял грамматикиял формабазда цӀиял рагӀабиги ккезарун, предложениял гӀуцӀизе лъай.

Суалаздалъун предложениял тӀиритӀизаризе лъай.

ГӀурусалдаса авар мацӀалде 3-5 предложениялдасан гӀуцӀарал гьитӀинал текстал руссинаризе лъай.

Сверухъ бугеб тӀабигӀаталда хурхараб темаялда тӀасан гара-чӀвари гӀуцӀизе бажари.

Жидецаго ургъун, суалал лъезе, малъарал грамматикиял формабаздаса ва предложениязул тайпабаздаса пайдаги босун, гьезие жавабал кьезе ругьун гьари.

ГьитӀинаб тексталъул гӀадатаб план гӀуцӀи (бицунги хъванги).

Предметазе гьабураб сипат-сурат цӀунун, хабарияб тексталдасан изложение хъвай.

Суалазда ва планалда рекъон, цӀалараб тексталъул тартибалда хӀасил бицине (абунги хъванги).

Сюжеталъулаб сураталдасан сочинение хъвазе.

Жиндирго хIакъалъулъ, дарсазда жинцаго цIалараб тIехьалъул хIакъалъулъ бицине лъай (абунги хъванги).

Телевизоралдаги кинoялдаги рихьарал фильмабазул бицине лъай (абунги хъванги).

Кагъат хъвазе лъай.

БатIи-батIиял темабаздасан сочинение хъвазе лъай.

**V классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал.**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

рагIул битIараб ва хъвалсараб, гIемер ва цо магIна букIин, омонимал, синонимал ва антонимал;

фонетикияб, морфологияб ва рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе;

батIи-батIиял тайпабазул гIадатал предложениял гIуцIизе;

гIадатал предложениялдасан союзалдалъунги союзал гьечIогоги журарал предложениял гIуцIизе;

учебникалда кьурал схемабазда рекъон, предложениял гIуцIизе;

аслуялъулъ хиси кколел предметиял цIаразул гIемерлъул форма битIун лъугьинабизе.

**Щалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**орфографиялъул рахъалъан:** гIадамазул ва географиял цIаразул; къватIазул, байданазул ва пачалихъиял байрамазул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе;

тIахьазул, газетазул, журналазул, суратазул, кинофильмабазул, литературиял асаразул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе ва кавычкаби лъезе;

журарал рагIаби битIун хъвазе;

**кули, нус, муч, хIуби** ва **гIор** гIадал рагIаби битIун падежазде сверизаризе.

**Пунктуациялъул рахъалъан:** хитIабазулъ лъалхъул ишараби лъезе; журарал предложениязулъ запятаял лъезе;

тайпа цоял членазулъ ва битIараб каламгун предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун рахъизе; бакIалъул диалекталде дандеккун литературияб мацIалъулъ ругел батIи-батIиял гьаркьал битIун рахъизе.

**Калам гIуцIиялъул рахъалъан:**

тексталъул тема ва аслияб пикру чIезабизе;

хабарияб тексталъул гIадатаб план гIуцIизе;

дурусго ва къокъго хабариял текстал рицине ва хъвазе;

бихьизабураб темаялда тIасан сочинение хъвазе;

жинцаго гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ хабар хъвазе ва бицине;

информацияб тайпаялъул кагъат хъвазе;

жиндирго пикру баянго, дурусго бицине, берцинго хъвазе, хIажат гьечIеб такрарлъи биччангутIизе, жиндирго каламалъулъ лексикиял синонимал хIалтIизаризе.

## Календариябгун – тематикияб план

| № | Дарсил тема | Сагlат | Дарсил тайпа | Рокъобе хlалтlи | Дарсида гьарулел ишал | Цlалдохъабазда лъазе ккола |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 четверть – 16 сагlат | | | |
| 1 | «Дир гlагараб авар мацl» - авар литературияб мацl. Рагlул гlуцlи. Кlирекъарал хlарпал. | 1 | Такрар гьабиялъ. | п. 1-3, хl. 17 | Араб материал такрар гьаби | Кlирекъарал хlарпазул битlунхъвай Рагlул бутlаби ратlа гьаризе Батlи-батlиял къагlидабазда рагlи лъугьинабизе |
| 2 | Предметияб цlаралъул гlадатал ва бакlалъул падежал | 1 | | п. 4- 6, хl. 24 | Гlадатал ва бакlалъул падежазе баян кьей | Падежазде пред. цlарал хисизе лъай |
| 3 + | ***Халгьабиялъул диктант*** «Гъалбацlги гьойги» | 1 | Халгь. дарс | такрар гьабизе | Диктант хъвай | Предложениялъул членал рихьизаризе |
| 4 | Прилагательное. Цlарубакl | 1 | Гlамгьаб. дарс | п. 7-8, хl.30 | Прилагательноялъе баян кьей | Каламалъул бутlаби ратlа рахъизе лъай |
| 5 | Глагол | 1 | Практик. | п.9-11, хl.37 | Жалго жидедаго чlун хlалтlаби | Глаголгун предложениял гlуцlизе, гьенир гьел ратlа гьаризе лъазе |
| 6 | ***Ругьунлъиялъул диктант*** «Маргьа- бицанкlо» | 1 | Халгьаб. | такрар гьабизе | Диктант хъвай | |
| 7 | Рагlабазул дандрай | 1 | Цlияб мат. | п. 12, хl.45 | Рагlабазул | Рагlабазул данраязул разбор гьабизе |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | малъи | | дандраял г1уц1и | ругъун гъари |
| 8 | Раг1абазул дандраязул разбор | 1 | | гъум. 19, х150 | Раг1абазул дан-драял г1уц1и, гьелгун предло-жениял ургъи | Раг1абазул дандраялгун предложениял ургъун бажаризе |
| 9 | ***Калам цебет1езаби*** **Ругьунлъиялъул сочинение** «Меседилаб хасалихълъи» | 1 | Халгьабиялъ ул | хъван лъуг1изабизе | сочинениялъе материал данде гьабизе | сочинениялъе план ургъизе, гьеб хъвазе |
| 10 | Предложение | 1 | | п. 13, х1. 55 | Предложениялъе баян кьей | Пред. тайпаби лъай |
| 11 | Хабарияб, суалияб, т1алабияб предложение. Ах1ул предложение | 1 | Ц1ияб мат.малъи | п.14-15, х170, 82 | Пред. тайпабазе баян кьей | Маг1наялде балагьун, г1адатал предложениязул тайпаби лъазе |
| 12 | ***Халгьабиялъул диктант*** «Мут1иг1лъулареб ордек» | 1 | Халгьаб. дарс | такрар гьабизе | Диктант хъвай | Тексталъул х1асил бицине |
| 13 | Подлежащее | 1 | Ц1ияб дарс малъи | п. 16, х1.85 | Подлежащеялъе баян кьей | Бат1и- бат1иял каламалъул бут1аби подлеж.х1алт1изаризе ругьун гьари |
| 14 | Сказуемое | 1 | Ц1ияб дарс малъи | П.17, х1.109 | Сказуемоялъе баян кьей | Сказуемое бат1абахъизе ругьун гьари |
| 15 | Бит1араб дополнение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | П.18, х1.112 | Предложениязул разбор, каточкабазда х1алт1и | Бит1араб дополнениеялъул предлож.жаниб к1вар лъазе, рекъонкколеб х1учч ц1ан, бихьизабизе лъай |
| 16 | Ругьунлъиялъул диктант «Надир-шагь ва сугъул» | 1 | Ругьунгьари ялъул | такрар гьабизе | Диктант хъвазе ругьун гьари | Бит1ун хъваялъул орфограммаби лъай |
| **2 четверть – 14 саг1ат** | | | | | | |
| 17 | Определение | 1 | Г1адатияб | п. 19, х1. 119 | Определениялъе баян кьей | Определение батизе лъай |
| 18 | Хъвалсараб дополнение | 1 | Ц1ияб дарс малъи | п.20, х1. 127 | Хъвалсараб доп.баян кьей | Хъвалсараб дополнение цогидал членаздаса бат1а бахъизе ,предложениялда жаниб батизе |
| 19 | Х1ал | 1 | | п. 21, х1.142 | Х1алазул тайпа лъазе | Синт.разбор гьабизе лъай |
| 20 | ***Калам цебет1езаби Ругьунлъиялъул изложение*** «Оцолги къоркъолги | 1 | Калам цебет1езаби | хъван лъуг1изабизе | Изложение хъвай, гьелъие | Тексталде г1агарун изложение хъвазе, гьелъие план ургъизе |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | ккараб» | | | | план гӀуцӀи | |
| 21 | ТӀиритӀарал ва тӀиритӀичӀел предложениял | 1 | | п.22, хӀ. 149 | Пред баян кьей, гьитӀинабго диктант, гьенир тӀиритӀарал ва тӀиритӀичӀел предл .рихьизаризе | ТӀиритӀарал ва тӀиритӀичӀел предложениял ратӀа рахъизе лъазе, гьел тексталъулъ ратизе, гьединал предложениял жидецаго гӀуцӀизе ва тӀиритӀарал предл.тӀиритӀичӀел гьаризе цинги гӀаксалдаги |
| 22 | Тайпа цоял членалгун предложениял | 1 | ЦӀияб матер. малъи | п. 23, хӀ. 156 | Тайпа цоял членазе баян кьей, тӀехьалдаса хӀалтӀаби тӀурай | Тайпа цоял членазе баян лъазе, гьелгун ишараби лъезе ва предложениял гӀуцӀизе лъазе |
| 23 | Тайпа цоял членалгун лъалхъул ишараби | 1 | | п. 23, хӀ.163 | | Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьунлъи |
| 24 | ***Халгьабиялъул диктант*** «Наязул гьужум» | 1 | Халгьабиялъул | такрар гьабизе | Диктант хъвай | Наязул хасият рагьизе |
| 25 | ХитӀаб | 1 | ЦӀияб дарс малъи | т. 24, хӀ.178 | ТӀехьалдаса хӀалтӀи | ХитӀабалъе баян кьей, предложениялъул гьеб батизе ва хӀалтӀизабизе |
| 26 | ГӀадатаб предложениялъул разбор | 1 | ГӀамлъизабиялъул | гьум. 64, хӀ.189 | тесталъулаб хӀалтӀи, рпредложениязул разборал гьари | ГӀадатаб предложениялъул разбор гьабизе ругьунлъи, гьел жидецаго гӀуцӀизе бажари лъадари |
| 27 | ГӀадаталги жураралги предложениял | 1 | ЦӀияб дарс малъи | п.25, хӀ.199 | Журарал пред баян кьей | Синт.разбор |
| 28 | ***Ругьунлъиялъул диктант*** «Лъалищ нужеда?» | 1 | ЦӀияб дарс малъи | МугӀалимас кьурал предложениязе разбор гьабизе | диктант хъвай | Предложениязул ахиралда битӀараб ишара лъезе |
| 29 | БитӀараб калам | 1 | ЦӀияб дарс малъи | п. 26, хӀ.210-211 | БитӀараб каламалъе баян кьей | БитӀараб калам гӀуцӀизе бажари, гьебгун ишараби лъезе лъай |
| 30 | Диалог | 1 | | п.27, хӀ.219 | диалогал гӀуцӀи, тӀехьалдаса хӀалтӀаби гьари | Диалог гӀуцӀизе лъай |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **3 четверть – 20 сагIат** | | | | | | |
| 31 | ***Калам цебетIезаби. Ругьунлъиялъул изложение*** «Намус» | 1 | Халгьабиялъ | хъван лъугIизабизе | Изложение хъвазе ругьунлъи | Изложениялъул текст хъвазе бажари лъадари, гьелъул хасият рагьи |
| 32 | **Фонетика ва графика**<br>Каламалъул гьаркьал | 1 | ЦIияб тема малъи | п.28,хI.224 | Гьаркьазе баян кьей, тIехьалдаса тема цадахъго лъазаби | Гьаркьал ва хIарпал лъай, гьаркьал ритIун рахъизе ругьунлъи, гьел рахъулел лугбузде цIарал лъазаризе |
| 33 | Рагьарал гьаркьал | 1 | ЦIияб дарс | п.29, хI.236 | ХIарпазул ва гьаркьазул диктант | Рагьарал рагьукъал гьаркъал батIа рахъизе ругьун гьари |
| 34 | Рагьукъал гьаркьал | 1 | ЦIияб тема малъи | п.29, хI.238,239 | Карточкабазда ва тIехьалдасаби гьари хIалтIи | Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIа рахъизе, гьезул хасият ва тайпаби лъазе |
| 35 | Алфавит | 1 | ЦIияб тема малъи | п.30, хI.251 | ТIехьалдаса алфавит цIализе ругьунлъи | Алфавит рекIехъе лъай |
| 36 | ***Калам цебетIезаби. Ругьунлъиялъул изложение*** «ХIамаги гIанкIги» | 1 | Калам цебетIей | хъван лъугIизабизе | Изложениялъул тексталда тIад хIалтIи, план ургъи | Тексталде гIагарун изложение хъван бажаризе |
| 37 | Е, Ё, Ю, Я хIарпал | 1 | ЦIияб дарс малъи | п. 31, хI. 259 | Е,ё,ю,Я хIарпазе баян кьей, гьелгун рагIаби ургъи, гьел гьоркьоре ккезарун, предложениял гIуцIи; тIехьалдаса параграф цIали | Ё,е,ю,я гьаркьал ва хIарпал ратIа рахъизе бажаризе, гьел авар мацIалда хIалтIизариялъул хаслъи лъай |
| 38 | Ъ ва Ь | 1 | ЦIияб дарс малъи | п.32, хI.263 | Ъ, ь ишарабазул хIакъалъулъ баян кьей. ТIехьалдаса хIалтIи | Ъ, ь ишарабазул хIакъалъулъ лъазабизе, гьелгун рагIабазул битIунхъвай лъазе |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 39 | Слог ва рагӀи бикьун боси. | 1 | ЦӀияб дарс малъи | п.33, хӀ.265 | Слогалъе баян кьей | РагӀи слогазде биххизе ругьун гьари |
| 40 | Ударение. РагӀул фонетикияб разбор | 1 | ЦӀияб дарс | п. 34, хӀ.273 | РагӀабазул фонетикияб разбор гьаби, ударениялъул бицин | РагӀабазулъ ударение битӀун абизе ругьунлъи, гьелъул кӀвар бичӀчӀи; рагӀабазул фонетикияб разбор гьабун ругьунлъи |
| 41 | ***Ругьунлъиялъул диктант*** «Хъазги церги» | 1 | халгьабиялъ ул | такрар гьабизе | Диктант хъвай | Диктанталъул текстлъул магӀна рагьизе |
| 42 | Лексика Лексикаялъул хӀакъалъулъ бичӀчӀи. РагӀул магӀна. Цо магӀнаялъул ва гӀемер магӀнаялъул рагӀаби. | 1 | ЦӀияб дарс малъи | п.35-36,хӀ.288 | Лексикаялъе баян кьей, тӀехьалдаса тема лъазаби, хӀалтӀаби тӀурай | лексика щиб кколеб лъай; гьенир ругел рагӀабазул тайпаби лъай, гьелгун предложениял гӀуцӀизе бажаризе |
| 43 | РагӀул битӀараб ва хъвалсараб магӀна | 1 | ЦӀияб тема малъи | п.37, хӀ.298 | ТӀехьалдаса хӀалтӀи | РагӀул битӀараб ва хъвалсараб магӀна лъазе, кӀиябго магӀнаялда предложениял гӀуцӀизе; битӀраб ва хъвалсараб магӀна батӀа бахъизе |
| 44 | ***Халгьабиялъул диктант*** «Кверда ругьунаб мокъокъ» | 1 | Халгьабиялъ ул | такрар гьабизе | Диктант хъвай | ТӀабигӀат цӀунизе ккей ва гьелъул пайда бичӀчӀи |
| 45 | Синонимал. Омонимал | 1 | ЦӀияб дарс малъи | п.38-39,хӀ. 303 | Синонимазе,омонимазе, антонимазе баян кьей | Омонимазе. Синонимазе мисалал рачине лъай, гьелгун предложениял гӀуцӀун бажари |
| 46 | Антонимал | 1 | ЦӀияб тема малъи | п.40, хӀ.319 | Антонимал, синонимал, омонимал ургъи. Гьелгун предложениял гӀуцӀи; рагӀабазул диктант | Оионимал, синонимал, антонимал ратӀа рахъизе лъай, гьелгун предложениял гӀуцӀизе бажаризе |
| 47 | РагӀи хиси. РагӀи лъугьин. | 1 | Тема щула гьаби | п.41, хӀ.325 | РагӀи лъугьиналъе баян кьей, рагӀабазул разборал гьари | РагӀи хиси ва рагӀи лъугьин батӀа бахъизе лъай, рагӀи лъугьиналъул разбор гьабизе бажари |
| 48 | ***Калам цебетӀезаби. Ругьунлъиялъул*** | 1 | Калам | хъван | изложениялъул | Изложениялъул текстлъул идеяб |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | *изложение* «Ясги цӀцӀеги» | | цебетӀей | лъугӀизабизе | тексталда тӀад хӀалтӀи | магӀна рагьизе |
| 49 | РагӀул ахир ва аслу | 1 | Тема щула гьаби | п. 42, хӀ. 330 | ТӀехьалдаса хӀалтӀи, карточкабаздаса хӀалтӀи | РагӀул гӀуцӀиялъул разбор гьабизе лъай |
| 50 | РагӀул кьибил. Суффикс. | 1 | Тема щула гьаби | п.43-44, хӀ.352 | ТӀехьалдаса хӀалтӀи, тестал | Рагул гӀуцӀиялъул |
| | **4 четверть – 16 сагӀат** | | | | | |
| 51 | РагӀул кьибилалъулъ гьаркьазул хиси. Рагьарал гьаркьазул хиси. | 1 | ЦӀияб дарс малъи | п.45-46, хӀ.359 | Тесталъулаб ва тӀехьалдаса хӀалтӀи | РагӀи падеждазде сверизабизе лъай |
| 52 | Рагьукъал гьаркьал хиси | 1 | ЦӀияб тема малъи | п.47, хӀ.370 | ТӀехьалдаса хӀалтӀи | РагӀулъ колел хисаби лъазе, гьезие баян кьезе |
| 53 | РагӀаби лъугьин | 1 | Тема щула гьаби | п.48, хӀ.373-377 | ТӀехьалдаса хӀалтӀи, мугӀа-лимас кьурал ра-гӀабаздаса цӀияб магӀнаялъул рагӀаби лъугьинари | РагӀаби лъугьиналъул къагӀидаби лъазе, цо рагӀудаса цогидаб рагӀи лъугьинабизе бажаризе |
| 54 | ***Ругьунлъиялъул сочинение*** «Их» | 1 | калам цебетӀезаби ялъул | Сочинение хъван лъугӀизабизе | Сочинениялъе материал данде гьаби | Жидерго пикраби бухьараб тексталдалъун хъвавулаб каламалда лъей |
| 55 | Предметияб цӀаралъул магӀна ва гьелъул грамматикиял гӀаламатал. | 1 | Тема щула гьабиялъул | п.49,хӀ.382 | Пред .цӀаралъе баян кьей | Предметияб цӀаралъул грам.гӀаламатал лъай |
| 56 | Предметиял цӀарал предложениялъул членаллъун хӀалтӀизари | 1 | ЦӀияб тема малъиялъул | п.50, хӀ.400 | Предложениял гӀуцӀи, рагӀабазул дик-тант тӀобитӀи | предметиял цӀаралгун предложениял гӀуцӀизе бажаризе, журарал предметиял цӀаразул битӀунхъвай лъай |
| 57 | ***Ругьунлъиялъул диктант*** «Берзул нур цӀуне» | 1 | Халгьабиялъ ул | такрар гьабизе | Диктант хъвазе ругьунлъи | Беразул нур цӀунизе кколеб куц бичӀчӀи |
| 58 | Хасал ва гӀаммал цӀарал. Предметияб цӀаралъул жинс. | 1 | ЦӀияб дарс малъи | п. 51-52,хӀ.420 | Кьураб текста-лъулъ предме-тиял цӀарал ра- | Хасал ва гӀаммал цӀарал каламалъулъ хӀалтӀизари. |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | тизе, гьезул падеж, форма, жинс хъвазе | |
| 59 | Предметияб цIаралъул форма | 1 | Тема щула гьаби | п.53, хI.435 | ТIехьалдаса халтIи | Предметияб цIаралъул формаби лъай, цолъул форма гIемерлъулалде ва гIемерлъул цолъулалде сверизабизе бажари |
| 60 | ***Халгьабиялъул диктант*** «Галав» | 1 | Халгьабиялъул | такрар гьабизе | Диктант хъвай | |
| 61 | Глагол. Рухьарал ва тIадчIарал глаголал | 1 | ЦIияб дарс малъи | п.54-55,хI.464 | Глаголалъе баян кьей | Рухьарал ва тIалчIарал глаголазе баян лъай, предложениялда жанир гьезул магIна бичIчIи |
| 62 | Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал Глаголияб цIар | 1 | ЦIияб тема малъи | п.56-57,хI.475 | ТIехьалдаса хIалтIи | Глаголазул жинсиял ва жинсиял гурел гIаламатал лъай |
| 63 | Глаголалъул заманаби Араб заманалъул глагол | 1 | ЦIияб тема малъи | п.58-59,хI.484 | Техьалдаса хIалтIаби гьари | Глаголалъул заманаби лъай, глагол замнабазда хисизабун бажари, предложениялда жаниб глалалъул роль бичIчIи |
| 64 | БачIунеб заманалъул глагол ГIахьалаб заманалъул глагол | 1 | ЦIияб тема малъи | п.60-61, хI.489 | «Дир хъизан» гьитIинабго хабар хъвазе | глаголалъул заманаби предложениялъулъ ритIун хIалтIизарун бажари |
| 65 | «БукIин» глагол заманабазде хиси Глаголалъул разбор. | 1 | ЦIияб тема малъи | п.62, хI.505 | КIалзулаб тест тIобитIи, суалазе жавабал гьари, тIехьалдаса хIалтIаби тIурай | Глагол заманабазде хисизе лъай |
| 66 | Такрар гьаби | 1 | ГIамлъизаби | | ХIаял тIоритIи | |
| 67 | Нахътей (резерв) | 1 | | | | |
| 68 | Нахътей (резерв) | 1 | | | | |

## Ц1алдохъабазе литература:

М.Г1.Г1абдулаев, М.М.Муртазаг1алиев. Авар мац1. 5 класс. Махачкала. ООО «Издательство НИИ педагогики», 2010

Мух1амадханов М.М.  Авар мац1алъул фразеологияб словарь. Мах1ачхъала Дагъучпедгиз, 1993

Авар мац1алъул бит1унхъваялъул словарь. Махачкала, Дагучпедгиз, 1989

## Муг1алимасе литература:

М.-К. Гьиматов Рек1елгъеялъулаб грамматика. Мах1ачхъала Дагъучпедгиз, 1980

Ах1мад Х1амзатов. Авар мац1алъул муг1алимзабазе творческиял х1алт1абазул мажмуг1. Типография ИП Тагиева Р.Х., Махачкала,

Камилова З.М. Авар мац1алъул дарсазда т1орит1улел дидактикиял х1аял (методика), Мах1ачхъала, 2010

**Материалалдалъун ва техникиял алатаздалъун хьезари:**

- мультипроектор
- интерактивная доска
- фонохрестоматия
- компьютер
- дирго дарсазул разработкабазул дискал
- электронияб адрес